# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में बइठकी कइ के ओइजा प्रस्तावित 'नौसेना शौर्य संग्रहालय' से जुड़ल प्रस्तुति क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के संस्कृति विभाग के संग्रहालय के निरमाण में तेजी ले अइले क निरदेस दिहलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई सग्रहालय भारतीय नौसेना के अदम्य साहस आ हिंद महासागर क्षेत्र में भारत के समुद्री क्षमता क एगो जीवंत प्रतीक बनी।

**********

उप मुख्यमंत्री आ स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण आ चिकित्सा सिक्षा मंत्री ब्रजेश पाठक आजु गोरखपुर के सर्किट हाउस में स्वास्थ्य सेवा क समीक्षा कइलें। येह मौका पर उहां के सेवा के मजबूत कइले पर जोर दिहलीं अउर कहलीं कि अधिकारी दूर–दराज के गांवन के आखिरी पायदान पर बइठल मनइनि ले स्वास्थ्य सेवा पहुंचावल सुनिस्चित करें।

**********

उपराष्ट्रपति सीपी राधा कृष्णन बिहने एक दिन के दौरा पर बनारस अइहें। उहां के बाबा काशी विश्वनाथ क दरसन–पूजन करबि। उहां के सिंगरा के नाटकोटाई धरमसाला क उद्घाटनों करबि। येह मौका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहिहें।

**********

बरखा के बिच्चे अजोध्या क इतिहासिक चउदह कोसी पैकरमा चलि रहल बा। ई बिहने भिन्नहीं ले चली। एगो रिपोर्ट–

***अयोध्या में इस वक्त अक्षय नवमी के पावन अवसर पर आस्था का अद्भुत नजारा देखने को मिल रहा है। लगातार बारिश के बावजूद चौदह कोसी परिक्रमा मार्ग पर श्रद्धालुओं का सैलाब उमड़ा हुआ है। कोई सिर पर पन्नी, कोई चादर तो कोई शाल डालकर नंगे पांव कीचड़ भरे रास्ते पर आगे बढ़ रहा है। रामनगरी की गलियों से लेकर सरयू तट तक हर ओर "जय श्रीराम" के जयघोष गूंज रहे हैं। संतों की टोलियां भजनों से श्रद्धालुओं को ऊर्जा दे रही हैं, महिलाएं, बच्चे और बुजुर्ग सभी भक्ति में लीन हैं। तन्मय सोनी, आकाशवाणी समाचार, अयोध्या।***

**********

कुशीनगर में इन–स्पेस मॉडल राकेट्री–कैनसेट इंडिया स्टूडेंट कंपटीशन दुइ हजार चउबीस–पचीस क आजु समापन हो गइल। समापन समारोह में अंतरिक्ष यात्री शुभांशु शुक्ला आ इन–स्पेस क चेयरमैन डॉ पवन गोयनका सामिल भइलें। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि तमकुहीराज इलाका के नारायणी नदी के किनारे चलल चारि दिन के प्रतियोगिता में देस भर क सत्तर टीमि हिस्सा लिहलिनि। मुंबई क टीमि येह प्रतियोगिता क बिजेता रहलि, ओहीं गुजरात के द्वारिका क टीमि उप बिजेता बनलि।

**********

केंद्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी कहलें कि 'सरदार एट द रेट वन फिफ्टी एकता मार्च' खाली एगो कार्यक्रमें नाहीं हौ, बलुक ई देस के चेतना के जगावे वाला एगो जन आन्दोलन हौ। महराजगंज में अपने आवास पर आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के ई बाति कहलीं। आयोजन कै रूपरेखा साझा करत केन्द्रीय मंत्री कहलें कि ई आवे वाला महिन्न में देस क नौजवानन के एकता, आत्मनिरभरता आ देस के निरमाण के संकल्प से जोड़ी।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से बाइस सितम्बर के कई क्षेत्रन में वस्तु आ सेवा कर–जीएसटी दरन में कटउती के साथे जीएसटी बचत उत्सव क सुरूआति भइल रहे। परिधान आ जूता के क्षेत्र में नया जीएसटी दरन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधार परिधान अउर फुटबियर क्षेत्र के ढेरे राहति दिहले हौ। येह सुधारन क उद्देश्य नवजवान निर्माता लोगिन क बोझ कम कइल, उत्पादन के बेसी लागत परभावी बनावल आ सुनिश्चित कइल ह कि गुणवत्तापूर्ण रेडीमेड कपड़ा अउर फुटबियर उपभोक्ता लोगिन बदे ढेरे सस्ता होखे। नया कर ढांचा में रेडीमेड परिधानन पर दुइ हजार पांच सौ रूपिया तक खातिर जीएसटी हटा के पांच फीसदी कइ दिहल गइल बा। ई सुधार छोटहन सहरन आ ग्रामीण क्षेत्र में घरेलू मांग के बढ़ावा दिहले हौ। एही तरियन हाथे से बनल धागो पर टेक्स क दर के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दिहल बा, जेहसे आयात पर निरभरता कम भइल बा। एकरे अलावा पचीस सौ रूपिया तक के फुटबियर पर बारह फीसदी के बजाय खाली पांच फीसदी जीएसटी लगि रहल हौ। एहसे स्टाइलिस फुटबियर नौवजवान अउर मध्यम आय वाले उपभोक्ता लोगिन बदे ढेरे सुलभ हो गइल बा। आकाशवाणी दिल्ली से इशानी आ दृष्टि अउर अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं कई गो पूरबी जिलन में रूकि–रूकि के मद्धिम से तेज बरखा क सिलसिला चलि रहल बा। मौसम विभाग चेतावनी दिहले हौ कि पूरबी इलाका में आजु अउर बिहने कहीं–कहीं भारी बरखा आ बिजुलियो गिरले क अनेसा बा। विभाग की ओरि से अगिला चउबीस घंटा में प्रदेस क अधिकतम तापमान में तीनि से छौ डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क सम्भावना जतावल गइल बा। ओहीं अगिला पांच दिन के दौरान न्यूनतम तापमानों में तीनि से पांच डिगिरी सेल्सियस के गिरावटो क सम्भावना हौ।

**********